

# ASIRANS SANTE VIN PI A BON MACHE

*Ekonomize lajan pou depans swen sante w nan CoverME.gov – Nouvo Mache  
Asirans Sante Maine te kreye pa Maine, pou Maine.*

Enskripsyon Ouvè pou pwoteksyon sante 2022 isit la ak pi bon pase toutan. Moman pou enskri a se ant 1ye Novanm ak 15 Janvyè 2022. Ane sa a, gen plis èd finansye ki disponib pou fè pwoteksyon an vin pi abòdab – pou plis moun– pase anvan. Plis pase 80% nan rezidan Maine yo ki achte nan CoverME.gov kalifye pou èd finansye pou diminye prim chak mwa yo. Menm si ou pa t kalifye anvansa, se moman pou jete yon dezyèm koudèy.

Nan CoverME.gov, ou ka konpare opsyon plan yo, aplike pou asistans finansye, ak jwenn èd pou enskri nan yon plan ki adapte a bezwen ak bidjè ou.

## OU KA JWENN YON PLAN SANTE AVÈK

- + Prim pa mwa osi ba ke kèk dola pa mwa
- + Depans piti ki soti nan pòch ou
- + Pwoteksyon konplè kalite ki pral pwoteje w si ou gen yon aksidan oswa gwo maladi
- + Pwoteksyon ki pa p refize w oswa faktire w plis pou kondisyon ki te egziste deja

### Enskri jodia nan CoverME.gov!

Enskripsyon pou pwoteksyon 2022 kounye a ouvè.

---

---

**JWENN ÈD GRATIS NAN MEN ESPESYALIS ENSKRIPSYON LOKAL POU APLIKE.**

Vizite: [coverME.gov/localhelp](https://coverME.gov/localhelp). Rele: (866) 636-0355; TTY 711. Pou lòt lang yo ki pa Angle, chwazi opsyon 4.

# ASIRANS SANTE VIN PI A BON MACHE

*Ekonomize lajan pou depans swen sante w nan CoverME.gov – Nouvo Mache Asirans Sante Maine te kreye pa Maine, pou Maine.*

Enskripsyon Ouvè pou pwoteksyon sante 2022 isit la ak pi bon pase toutan. Moman pou enskri a se ant 1ye Novanm ak 15 Janvyè 2022. Ane sa a, gen plis èd finansye ki disponib pou fè pwoteksyon an vin pi abòdab – pou plis moun– pase anvan. Plis pase 80% nan rezidan Maine yo ki achte nan CoverME.gov kalifye pou èd finansye pou diminye prim chak mwa yo. Menm si ou pa t kalifye anvansa, se moman pou jete yon dezyèm koudèy.

Nan CoverME.gov, ou ka konpare opsyon plan yo, aplike pou asistans finansye, ak jwenn èd pou enskri nan yon plan ki adapte a bezwen ak bidjè ou.

## OU KA JWENN YON PLAN SANTE AVÈK

- + Prim pa mwa osi ba ke kèk dola pa mwa
- + Depans piti ki soti nan pòch ou
- + Pwoteksyon konplè kalite ki pral pwoteje w si ou gen yon aksidan oswa gwo maladi
- + Pwoteksyon ki pa p refize w oswa faktire w plis pou kondisyon ki te egziste deja

**Enskri jodia nan CoverME.gov!**

**JWENN ÈD GRATIS NAN MEN ESPESYALIS ENSKRIPSYON LOKAL POU APLIKE.**



# COVERME.GOV AK NOUVO REZIDAN MAINE YO

*Ekonomize lajan sou pri asirans sante w nan CoverME.gov – Nouvo Asirans Sante Mache Maine te kreye pa Maine, pou Maine.*

Enskripsyon Ouvè pou asirans sante 2022 isit la ak pi bon pase anvan. Moman pou enskri se ant 1ye Novanm 2022 ak 15 Janvyè 2023. Ane sa a, gen plis èd finansye ki disponib pou rann pwoteksyon asirans pi a bon mache – pou plis moun – pase anvan.

Nan CoverME.gov, ou ka konpare opsyon plan yo, aplike pou asistans finansye, ak jwenn èd pou enskri nan yon plan ki adapte a bezwen ou yo ansanm avèk bidjè w.

**Èd lokal, gratis disponib** nan plizyè lang pou aplike pou asistans finansye pou peye pou asirans sante. **Rele: (866) 636-0355; TTY 711.** Pou lang ki pa angle, chwazi opsyon 4.

## ESTATI IMIGRASYON AK COVERME.GOV

- + **Si w aplike sa pa pral afekte estati imigrasyon w, oswa fanmi w.**
- + *Yon konsomatè pa oblije yon sitwayen ameriken oswa yon resòtisan ameriken pou l enskri nan yon plan sante kalifye (QHP) nan Mache a. Imigran yo ki legalman prezan epi ki reponn avèk lòt kondisyon elijiblite debaz kapab elijib pou kouvèti asirans atravè mache a.*
- + *Aplikan sa yo kapab elijib pou asistans finansye nan Mache a, depannde sèten kritè elijibilite adisyonèl, enkli revni kay la ak gwosè fanmi an.*
- + *Dokiman sitwayènnte oswa estati imigrasyon nesèsè sèlman pou moun kap aplike pou kouvèti asirans, men pa pou lòt manm yo nan kay la.*
- + *Ajans gouvènman yo pa pral itilize enfòmasyon konsomatè a pou ranfòse lwa oswa règleman imigrasyon yo.*



# KIJAN POU ENSKRI NAN ASIRANS SANTE ATRAVÈ COVERME.GOV



## 1 Konpare Plan yo epi Jwenn yon Estimasyon Pri

CoverME.gov ofri yon zouti acha & konparezon ki pèmèt ou rapidman jwenn yon estimasyon asistans finansye ou ka kalifye epi gade diferan opsyon kouvèti ak pri pou plan asirans sante ki pwopoze atravè Mache a.

## 2 Prepare w

Lè ou santi w pare pou kòmanse, rasanble dokiman sa yo pou ede fè pwosesis aplikasyon an vin pi fasil.



### ENFÒMASYON DEBAZ

Non ak dat nesans chak moun lakay ou



### ADRÈS POSTAL LAKAY OU

Si yon moun lakay ou (moun sila yo ou enkli nan deklarasyon taks ou) gen yon adrès kay ki diferan; ou pral bezwen asire pou ajoute sa tou.



### NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (SI APLIKAB)

Antre nimewo Sekirite Sosyal chak moun. Si ou kite sa vid yo ka mande w pou bay li nan pita si aplikab.



### ENFÒMASYON SOU DOKIMAN (SI APLIKAB)

Èske gen moun nan aplikasyon w lan ki se yon imigran legal? Si wi yo pral mande w pou bay enfòmasyon ki nan dokiman imigrasyon ou yo.



### ENFÒMASYON SOU REVNI

Ou pral bezwen pou antre estimasyon revni 2022 w pou tout moun ki lakay ou, enkli dediksyon estanda nan deklarasyon taks ou chak ane.



### ENFÒMASYON SOU DEKLARASYON TAKS

Si ou ranpli deklarasyon taks, yo pral mande w pou deklare estati w ak kimoun ou deklare kòm yon depandan sou taks ou.

**\*REMAKE:** Si wap planifye pou resevwa asistans finansye nan CoverME.gov, ou gen obligasyon pou rekonsilye taks ou chak ane.

## 3 Aplike pou Kouvèti

Depi ou fin rasanble enfòmasyon ou bezwen pou aplike, ou ka kreye yon kont epi ranpli aplikasyon w. Si ou te deja gen yon kont sou Healthcare.gov, asire ou itilize menm enfòmasyon pwopriyete prensipal kont lan lè wap kreye yon kont sou CoverME.gov pou asire kont ou an koresponn avèk enfòmasyon sou aplikasyon w ki egziste deja.

## 4 Achte yon Plan

Chwazi "Achte Plan yo" pou revize plan yo epi chwazi sa ki pi byen adapte pou oumenm ak bidjè ou.

## 5 Peye premye mwa prim ou

Pou kouvèti a ka kòmanse, ou dwe peye premye mwa prim ou bay konpayi asirans sante w anvan dat efektif kontra asirans lan (egzanp. 1ye Janvyè 2022). CoverME.gov pèmèt konsomatè yo peye pou premye mwa prim yo anliy atravè fonksyon "Pay Now".

## 6 OU KOUVRI!

Depi ou fin konplete tout etap yo anwo a, ou pral enskri avèk siksè nan kouvèti sante konplè atravè CoverME.gov. Ou pral ka kòmanse itilize kouvèti asirans ou pou chèche swen ou bezwen epi gen lapè despri ke ou kouvri!

## SI OU TOUJOU GEN KESYON?

TCHEKE YOUN NAN RESOUS SA YO POU JWENN SIPÒ OU BEZWEN.

JWENN YON KOUTYE OSWA ASISTAN ENSKRIPSYON MAINE NAN [WWW.COVERME.GOV/LOCALHELP](http://WWW.COVERME.GOV/LOCALHELP)  
RELE SANT ASISTANS KONSOMATÈ NAN (866) 636-0355; TTY 711.





coverME.gov



AFFORDABLE HEALTH  
COVERAGE FOR MAINE

**NOUVO MACHE  
ASIRANS SANTE  
MAINE OUVÈ!**





coverME.gov

AFFORDABLE HEALTH  
COVERAGE FOR MAINE

**GADE KONBYEN OU  
KAPAB EKONOMIZE  
SOU KOUVÈTI  
ASIRANS LAN**





coverME.gov  
AFFORDABLE HEALTH  
COVERAGE FOR MAINE

**KOUVÈTI ASIRANS  
SANTÉ A BON MACHE  
POU MAINE, PA MAINE.**



A woman with dark hair in a ponytail, wearing a red and white striped long-sleeved shirt, is sitting at a desk. She is holding a baby in her arms. The baby is looking at a laptop screen. The woman is also looking at the laptop screen. The background is a blue wall with some abstract light patterns.

coverME.gov  
AFFORDABLE HEALTH  
COVERAGE FOR MAINE

# KONPARE PLAN SANTE KI A BA PRI NAN

CoverME.gov.



coverME.gov

AFFORDABLE HEALTH  
COVERAGE FOR MAINE

# JWENN PLAN SANTE W KI A BA PRI.

ENSKRI ANVAN 15 DESANM  
POU KOUVÈTI KAP KÒMANSE  
NAN 1YE JANVYE.

